

PÈMI REZIDANS TANPORÈ POU TRAVAYÈ SEZONYE

Pèmi Rezidans Tanporè pou Travayè Sezonye a fèt pou etranje ki vle antre Chili pou fè travay sezonye pou yon peryòd limite, swa yon sèl fwa oswa plizyè fwa chak ane. Viza sa a baze sou yon kontra oswa yon òf travay ki gen rapò ak aktivite tanporè epi li ka renouvle chak ane.

Pou aplike pou pèmi sa a, li obligatwa pou gen yon kontra travay ak yon moun oswa yon konpayi Chilyen, oswa yon òf travay fòmèl ki soti nan peyi ki gen akò travay tanporè ak Chili, tankou Bolivi. Aplikasyon an dwe soumèt depi aletranje atravè Portal de Trámites Digitales Sèvis Nasyonal Imigrasyon an (SERMIG). Yon fwa ou soumèt li, epi si li apwouve, yo ap bay yon Sètifika Rezidans Tanporè an Pwosis, ki pèmèt ou antre nan peyi a.

Ou ka jwenn aksè nan pòtal la lè w eskane kòd QR sa a:



Lè w antre Chili, ou gen 45 jou pou soumèt yon kopi kontra travay legalize ou a bay yon notè Chilyen, ansanm ak konsta anrejistreman elektwonik li nan Direksyon Travay la. Patwon an gen 15 jou apati siyati kontra a pou konplete anrejistreman sa a, ou ka jwenn li gratis nan pòtal “Mi DT” la. Yo akòde rezidans sezonye tanporè pou yon maksimòm de 5 an, avèk posiblite pou yon wolonjman pou de lòt ane. Sepandan, sejou a nan Chili pa ka depase sis mwa pa ane kalandriye (janvyè jiska desanm). Apre peryòd sa a, moun nan dwe kite peyi a epi rantre pou yon nouvo sezon si li vle kontinye travay tanporèman.

Kondisyon pou aplike pou pèmi an

1. Si ou gen yon kontra travay:

- Yon paspò valab (oswa kat idantite nasyonal pou Bolivyen).
- Yon sètifika dosye kriminel nan peyi orijin ou oswa rezidans ou pou 5 dènye ane yo.
- Yon foto resan (koulè, background blan, san akseswa, fòm JPG oswa PNG).
- Yon kontra travay.
- Dokimantasyon ki pwouve solvabilite finansyè patwon an.
- Sètifika validite ak anyè pèsonalite legal patwon an ki soti nan Rejis Sivil la.



► 2. Si ou gen yon òf travay:

- Yon paspò valab (oswa kat idantite nasyonal pou Bolivyen).
- Yon sètifika dosye kriminèl nan peyi orijin ou oswa rezidans ou pou 5 dènye ane yo.
- Yon foto resan (koulè, background blan, san akseswa, fòm JPG oswa PNG).
- Yon lèt òf travay notarye devan yon notè chilyen.
- Yon lèt akseptasyon nan men kandida a siyen devan konsila chilyen an nan peyi orijin ou.
- Dokimantasyon ki pwouve solvabilite finansyè anplwayè a.
- Sètifika validite ak anyè pèsonalite legal anplwayè a ki soti nan Rejis Sivil la.

Tout dokiman yo dwe tache an fòm PDF.



Sipò Enstitisyonèl

Minisipalite yo:

Plizyè gen Biwo Imigrasyon oswa Entèkilti ki ofri oryantasyon gratis soti 8:30 a.m. rive 2:00 p.m.

Sèvis Migran Jezuit (SJM):

Adrès: Lord Cochrane 104, Santiago (Monada metro)

Orè ouvèti:

Lendi pou rive Jedi, 9:00 a.m. rive 12:45 p.m.

Kontakte:

santiago@sjmchile.org / +56 22 838 7560

Rezo:

Instagram, Facebook y YouTube como @sjmchile

Enstiti Katolik Migrasyon Chilyen (INCAMI):

Adrès:

Av. Jeneral Bustamante 180, Providencia
(metro Parque Bustamante)

Orè ouvèti:

Lendi pou rive Jedi, 9:00 a.m. pou rive 1:00 p.m.,
premye rive, premye sèvi

Rezo:

Instagram, Facebook y YouTube como @incamichile

Gen kèk pwosedi ki ka gen frè asosye.

